



Pou Piblikasyon Imedya: 23/04/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL LANSE KANPAY SANSIBILIZASYON PIBLIK POU  
ANKOURAJE ETIDYAN YO RANPLI FAFSA**

*Etidyan kolèj yo nan SUNY, CUNY, ak lòt kolèj ak inivèsite New York yo pataje istwa sou èd finansye pèsonèl epi yo ofri sipò pou ranpli FAFSA*

**Manm Administrasyon Gouvènè a ak lidè edikasyon yo pibliye PSA ki mete aksan sou enpòtans pou w aplike pou èd finansye – Videyo etidyan ak PSA yo disponib [isit la](#)**

***Bidjè Ane Fiskal 2025 Gouvènè Hochul la ke yo Adopte a elaji aksè a èd finansye lè li rann achèyman FAFSA inivèsèl ak elaji Pwogram Asistans pou Frè Ekolaj la***

Gouvènè Kathy Hochul te lanse jodi a yon kanpay sansibilizasyon piblik ak etidyan kolèj yo, ofisyèl Administrasyon yo, ak lidè edikasyon yo pou ankouraje elèv yo ranpli Aplikasyon Gratis pou Èd Federal pou Etidyan (Freeak federal y Application for Federal Student Aid, FAFSA) pou debloke opòtinite èd finansye eta yo. Semèn sa a, etidyan ki nan kanpis Inivèsite Eta New York (State University of New York, SUNY) ak Inivèsite Vil New York (City University of New York, CUNY) ansanm ak lòt kolèj ak inivèsite New York pral ede nan kanpay sansibilizasyon piblik la pou ede etidyanyo ranpli FAFSA a. Anplis de sa, lidè Kabinè Gouvènè Hochul la pral patisipe ak PSA videyo yo pou poste sou rezo sosyal yo epi kòm yon resous pou lekòl yo pataje ak etidyan yo. Videyo etidyan yo ak PSA yo disponib [isit la](#). Inisyativ sa a se yon pati nan Mwa Konsyantizasyon sou Èd Finansye a, ke Gouvènè Hochul te lanse nan kòmansman mwa avril pou asire elèv yo ka jwenn aksè ak zouti yo bezwen pou pouswiv yon edikasyon siperyè.

"Edikasyon siperyè ka chanje lavi moun yo, epi n ap elaji chemen ki mennen nan kolèj pou tout etidyan New York yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Semèn sa a, n ap ankouraje chak etidyan ki gen yon diplòm kolèj pou ranpli FAFSA a osito ke yo kapab jwenn aksè ak sipò finansye ki disponib pou yo."

"Edikasyon sèvi kòm gwo egalizatè nan sosyete nou an", **Gouvènè Adjwen Delgado te deklare.** "Mwen fyè pou m rejwenn Gouvènè Hochul pou m ankouraje tout etidyan kolèj potansyèl yo pou yo konplete FAFSA yo kounye a pou asire yo gen aksè abòdab ak edikasyon siperyè ak yon avni briyan."

Ane pase a, elèv nan klas tèminal New York yo te kite plis pase 200 milyon dola nan èd federal yo pa t reklame lè yo pa ranpli FAFSA. Nan reflete tandans nasyonal yo, pousantaj soumisyon FAFSA nan Eta New York yo bese 24 pousan konpare ak menm epòk ane pase a akòz defi federal ak reta nan pibliye nouvo fòmilè FAFSA a. FAFSA a gratis, epi li ouvri pòt pou èd federal ak eta, ki gen ladan Pwogram Asistans pou Frè Lekòl (Tuition Assistance Program, TAP) ak Bousdetid Excelsior a, ansanm ak lòt prim finansman kolèj.

An 2023, SUNY te lanse Kò Achèyman FAFSA (FAFSA Completion Corps) pou ede etidyan potansyèl yo ranpli FAFSA. SUNY te resevwa yon sibvansyon prèske 300,000 dola nan men AmeriCorps pou lanse inisyativ la, epi kounye a gen prèske 50 etidyan SUNY ki enplike nan sèt kanpis SUNY yo. Nan kòmansman mwa sa a, CUNY te lanse Ekip Sipò pou Èd Finansye (Financial Aid Support Team, FAST) CUNY pou ede etidyan yo ak fanmi yo jwenn èd finansye. Etidyan k ap patisipe nan Kò Achèyman FAFSA SUNY ak CUNY FAST ap dirije efò pou konplete FAFSA yo sou kanpis yo ak sou rezo sosyal yo pou yo ofri sipò epi asire etidyan yo konnen ki èd finansye ki disponib pou yo. Elèv yo ka swiv #FAFSAReady pou tande etidyan kolèj aktyèl yo sou eksperyans FAFSA yo.

Anplis etidyan yo, Kòporasyon Sèvis Edikasyon Siperyè (Higher Education Services Corporation, HESC) Eta New York, Inivèsite Eta New York (State University of New York, SUNY), Inivèsite Vil New York (City University of New York, CUNY) ak òganizasyon akademik ak kominotè nan New York ap rejwenn Gouvènè a nan kanpay li pou asire Nouyòkè yo pwofite tout opòtinite pou jwenn finansman pou kolèj.

Chak enstitisyon kontinye òganize plizyè evènman mwa sa a pou ede elèv yo ak fanmi yo ranpli aplikasyon FAFSA oswa Lwa Rèv (Dream Act) la, ak Pwogram Asistans pou Frè Ekolaj (Tuition Assistance Program, TAP) la. Evènman yo enkli sesyon enfòmasyon sou fason pou ranpli aplikasyon pou èd finansyè, opòtinite vityèl pou konekte ak ekspè HESC, SUNY ak CUNY, ak diskisyon sou opòtinite bousdetid pou elèv yo. Ou [ka jwenn yon orè konplè evènman yo isit la](#).

Nan Bidjè Ane Fiskal 2025 yo te Adopte a, Gouvènè Hochul te jwenn dispozisyon pou ede elaji aksè ak èd finansye. Inisyativ yo enkli rann achèyman FAFSA inivèsèl nan Eta New York ak elaji TAP. Agrandisman TAP ogmante prim minimòm lan soti nan 500 rive nan 1,000 dola. Anplis de sa, Bidjè a ogmante limit revni taksab pou etidyan (net taxable income, NTI) depandan pou kalifikasyon TAP soti 80,000 dola a 125,000 dola, limit NTI pou etidyan marye endepandan soti 40,000 dola a 60,000 dola, ak limit NTI pou etidyan selibatè endepandan soti 10,000 dola a rive 30,000 dola.

**Komisè Depatman Edikasyon Eta, Betty A. Rosa, te deklare, "FAFSA a se yon investisman nan avni yon etidyan ki pral ouvri pòt opòtinite. Lè yo ranpli FAFSA a, etidyan yo debloke aksè ak èd finansye ki ka fè edikasyon siperyè pi abòdab ak posib. Mwen ankouraje tout etidyan ak fanmi New York yo pou yo pwofite chans pou trase wout ou ki mennen nan siksè nan ranpli epi soumèt FAFSA ou jodi a."**

**Rektè SUNY an, John B. King, Jr., te deklare,** "Genyen yon plas nan SUNY pou chak Nouyòkè, epi aksè ak èd finansyè enpòtan anpil pou ede etidyan yo reyalize rèv yo pou kolèj. Nan tout Eta New York, SUNY ak patnè nou yo nan edikasyon siperyè ap mete tèt ansanm ak Gouvènè Hochul ak fyète pou asire chak etidyan ki nan klas tèmininal, ansanm ak chak etidyan potansyèl ak etidyan k ap retounen nan kolèj konnen ke genyen asistans pou ekolaj federal ak Eta New York ki disponib epi ke ranpli FAFSA a se kle pou jwenn aksè ak finansman sa a. Kanpis SUNY yo ak Kò Achèyman FAFSA SUNY nou an ap bay asistans an pèsòn ak asistans vityèl pandan sezon prentan an, epi nou pral kontinye."

**Rektè CUNY an, Félix V. Matos Rodríguez te deklare,** "Chak ane, Nouyòkè yo kite lajan pou kolèj sou tab la paske yo pa ranpli fòmilè èd finansyè. Nou konnen ane sa a te vin pi difisil pou ranpli fòmilè federal yo akòz pwoblèm ak reta. CUNY ankouraje tout fanmi yo pou yo pèsistan epi ranpli FAFSA a. CUNY la pou ede yo rezoud nenpòt pwoblèm. Nou remèsye Gouvènè Hochul pou angajman li anvè edikasyon siperyè ak anvè etidyan anbasadè nou yo, k ap gaye mesaj la bay etidyan potansyèl yo ak etidyan k ap retounen yo pou ranpli fòmilè yo. Nou pa gen pi bon mesaj pase etidyan nou yo sou valè kolèj ak pèsèverans."

**Prezidan Kòporasyon Sèvis Ansèyman Siperyè Eta New York la, Doktè Guillermo Linares, te deklare,** "Amelyorasyon enpòtan nan Pwogram Asistans pou Frè Ekolaj la (TAP), ki gen ladan kalifikasyon elaji ak plis prim, reprezante yon chanjman monimantal nan apwòch nou pou sipòte etidyan New York yo. Lè nou fè achèyman aplikasyon FAFSA ak TAP vin yon pwen fokal, nou pa sèlman debloke finansman enpòtan pou etidyan yo, men tou nou ap trase wout la pou yon avni ki pi enklizif ak plis pwospè. Mwen rekonesan anpil pou lidèchip Gouvènè Hochul ak sipò lejislati a nan rekonèt enpòtans mezi sa yo. Efò kolektif nou yo pral asire ke anpil lòt etidyan ap gen resous yo bezwen pou pouswiv ak reyalize objektif akademik yo."

**Senatè Eta, Toby Ann Stavisky, te deklare,** "FAFSA pa itilize pa plizyè milye granmoun aje nan lekòl tèmininal yo ki pa konnen yo kalifye pou èd etidyan. Kanpay sa a se yon etap enpòtan pou enfòme etidyan yo konsa plis etidyan potansyèl yo pral ranpli fòmilè FAFSA a epi kontinye vwayaj edikatif yo epi amelyore karyè yo."

**Manm Asanble Patricia Fahy te deklare,** "Ane pase a, etidyan New York yo te kite plis pase 200 milyon dola nan èd federal pou etidyan yo nan tab la – fon reyèl ki te kapab mete rèv yon edikasyon siperyè reyalize pou plizyè milye etidyan. Mwen vle ankouraje tout etidyan New York ane sa a pou yo konplete FAFSA a epi pou yo pwofite èd ki genyen an - èd ou ka pwofite sèlman si w aplike. Mwen kontan dèske n ap pran mezi nan bidjè ane sa a pou asire ke pi devan, okenn etidyan New York pa rate opòtinite finansyè sa yo. Li enpòtan plis kounye a pase tout tan pou nou adrese abòdabilite kolèj lè 70% elèv yo site gen gwo baryè pou jwenn aksè ak edikasyon siperyè, epi mwen felisite Gouvènè Hochul paske li fè sa vin yon priyorite prensipal."

**Etinyan SUNY Old Westbury ak manm Kò Achèyman FAFSA SUNY, Nahiyan Islam, te deklare,** "Soti nan yon fanmi imigran premye jenerasyon, ranpli FAFSA a te esansyèl pou mwen, men li te difisil pou fanmi mwen navige. Gran sè m nan okòmansman pa te pouswiv yon diplòm poutèt enkyetid yo genyen pou peye konplètman nan pòch li, paske li pa te konnen ki èd ki te disponib. Aksè ak èd finansye te tèlman enpòtan pou fanmi mwen, se poutèt sa kòm yon manm Kò Achèyman FAFSA SUNY, mwen pasyone pou ede elèv yo jwenn sipò yo bezwen pou pouswiv ak fini diplòm yo."

**Etidyan nan Jamestown Community College ak manm Kò Achèyman FAFSA SUNY, Marissa Snyder, te deklare,** "Aksè ak èd finansyèl te esansyèl pou yo te kapab pouswiv yon bon jan kalite edikasyon toupre kay yo nan Lwès New York. Mwen te gen chans ke gran sè mwen an te pase nan pwosesis achèyman FAFSA anvan mwen, kidonk mwen te pi byen konprann sa mwen te bezwen fè pou jwenn sipò pou lekòl la. Se poutèt sa mwen te rejwenn Kò Achèyman FAFSA SUNY an, pou ede etidyan potansyèl yo ranpli aplikasyon an epi jwenn aksè ak pwogram diplòm ki pral ede yo fè pasyon yo tounen yon karyè pou tout lavi yo."

Eta New York ap travay pou amelyore estatistik achèyman FAFSA yo lè li fòme etidyan kolèj yo pou yo bay asistans an pèsòn nan pwosesis aplikasyon pou èd finansye a.

SUNY ak CUNY franchi plizyè etap pou ede elèv yo ak fanmi yo aplike pou èd finansye pou rann kolèj pi bon mache tankou:

- [Retade dat limit depo yo](#) nan kanpis eta opere yo pou pi bonè pase 15 me ak [1e jen pou jounen angajman](#) nan kanpis CUNY yo, pou fanmi yo gen tan pou pran yon desizyon enfòmè ak òf èd finansyèl pa yo
- [Sesyon enfòmasyon FAFSA yo](#) atravè eta a, ki gen ladan evènman achèyman FAFSA nan Rochester, Buffalo, Yonkers ak Vil New York
- [Atelye vityèl pou ranpli FAFSA](#), ki fèt an anglè ak epanyòl pou ede fanmi yo ranpli FAFSA
- Travay ak patnè Eta a yo pou devlope ak ankouraje [resous sou entènèt](#) tankou resous ki pare pou enprime pou konseye ak elèv yo pou ede gide yo atravè pwosesis èd finansye a; ak
- Lansman [Kò Achèyman FAFSA SUNY](#) an, yon pwogram AmeriCorps finansè ki sipòte prèske 50 elèv SUNY k ap sèvi kòm konseye ki pwòch kamarad pou ede elèv yo ranpli FAFSA.
- Lansman [Ekip Sipò pou Èd Finansye \(Financial Aid Support Team, FAST\) CUNY](#) an nan debi mwa sa a pou ede 100,000 elèv ranpli FAFSA a. Fondasyon Petrie te bay CUNY 1 milyon dola pou inisyativ la.
- Ede elèv lekòl segondè yo ranpli fòm FAFSA atravè [Pwogram Konsèy Kolèj ak Pwofesyonèl Inisyativ K16 CUNY an](#).
- CUNY te voye imèl bay elèv CUNY aktyèl yo ak aplikan otòn 24 yo konsènan chanjman nan fòm nan epi li te lanse yon kanpay rezo sosyal. Inivèsite a pral òganize tou Atelye Achèyman FAFSA ak Admisyon. [Gade dat atelye yo sou entènèt](#).

- Kapis CUNY yo te ogmante atelye èd finansyè ak evènman achèvmman tout sezon prentan epi yo te pwofite fon Federal pou Travat Etid la an patenarya ak Patenarya Nasyonal pou Siksè Etidyan (National Partnership for Student Success) yo pou anboche etiyon yo pou sipòte biwo èd finansyè yo. Inivèsite a pral òganize tou Atelye Achèvmman FAFSA ak Admisyon. [Dat atelye yo pral afiche isit la.](#)

### **Enfòmasyon sou State University of New York**

State University of New York, ki selebre 75èm anivèsè li ane sa a, se pi gwo sistèm edikasyon siperyè konplè nan peyi Etazini, epi plis pase 95 pousan nan tout Nouyòkè ap viv nan yon distans 48 km ak nenpòt nan 64 kolèj ak inivèsite SUNY yo. Nan tout sistèm nan, SUNY gen kat sant sante akademik, senk lopital, kat lekòl medikal, de lekòl dantè, yon lekòl dwa, pi ansyen lekòl maritim nan peyi a, sèl kolèj optometri eta a, epi li jere yon Laboratwa Nasyonal Depatman Enèji Etazini. An total, SUNY sèvi anviwon 1.4 milyon etidyan nan tout pòtfèy kou ak pwogram kredi epi ki pa mande kredi, edikasyon kontinyèl ak pwogram sansibilizasyon kominotè yo. SUNY an siveye prèske yon ka nan rechèch akademik nan New York. Depans pou rechèch yo nan tout sistèm nan te prèske 1.1 milya dola nan ane fiskal 2023 an, ki gen ladan gwo kontribisyon nan men etidyan ak pwofesè yo. Genyen plis pase twa milyon ansyen etidyan SUNY nan monn lan epi youn sou chak twa Nouyòkè ki genyen yon diplòm inivèsitè se yon ansyen etidyan SUNY. Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason SUNY kreye opòtinite, vizite [suny.edu](http://suny.edu).

### **Konsènan City University of New York (CUNY)**

[City University of New York](#) se pi gwo inivèsite piblik iben peyi a, yon motè transfòmasyon mobilite sosyal ki se yon eleman enpòtan pou fonksyonman Vil New York. Li te fonde nan ane 1847 kòm premye enstitisyon piblik edikasyon siperyè peyi a, CUNY jodi a gen sèt kolèj kominotè, 11 kolèj siperyè ak sèt enstitisyon diplòm avanse oswa pwofesyonèl ki repati nan senk minisipalite New York yo k ap sèvi plis pase 225,000 etidyan premisik ak nan nivo diplòm epi ki bay 50,000 diplòm chak ane. Melanj kalite ak aksesibilite CUNY an pwopilse prèske sis fwa plis etidyan ki gen revni ba nan klas mwayèn nan ak odela ke tout inivèsite Ivy League yo konbine. Plis pase 80 pousan diplome Inivèsite yo rete nan New York, kontribiye nan tout aspè ekonomik vil la, sivik ak lavi kiltirèl epi divèsifikasyon mendèv vil la nan tout sektè. Diplome ak pwofesè CUNY yo te resevwa anpil onè prestijye, ki gen ladan 13 pri nobèl ak 26 sibvansyon MacArthur "Genius". Misyon istorik inivèsite a kontinye jiska jodi a: bay yon edikasyon piblik premye klas pou tout etidyan yo, kèlkeswa mwayen oswa kote yo soti. Pou jwenn plis enfòmasyon sou CUNY, vizite [www.cuny.edu](http://www.cuny.edu).

### **Enfòmasyon sou New York State Higher Education Services Corporation**

HESC se ajans èd finansyè pou etidyan Eta New York ak yon lidè nasyonal nan ofri sibvansyon ki baze sou bezwen ak lajan bousdetid pou etidyan ki prale nan kolèj. Nan kè HESC gen plis pase de douzèn pwogram sibvansyon, bousdetid ak padon prè, ki gen ladan Pwogram Asistans pou Ekolaj Frè Lekòl (TAP) ak Bousdetid Excelsior NYS la. HESC pèmèt anpil ak yon pakèt Nouyòkè antre nan kolèj chak ane grasa pwogram tankou pwogram sa yo, epitou grasa konsèy li ofri pou elèv yo, pou fanmi yo, ak pou

konseye yo. HESC ede plis pase 300,000 etidyan reyalize rèv kolèj yo chak ane nan bay plis pase 800 milyon dola nan sibvansyon, bousdetid ak benefis pou anilasyon dèt lajan prete.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)